



Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE STATE NEW YORK POU VOYE PPE, TÈS POU ATLANTA POU EDE AK REPOUS COVID-19**

***Livrezon inisyal 7,500 kit tè, 7,500 mask, 7,500 wòb, 7,500 gan, 7,500 plak pwotèj pou vizaj, 1,250 galon dezenfektan men pral distribye disi vandredi***

***Swiv demann Majistra Atlanta Bottoms nan konferans depès Gouvènè a lendi a - Videyo [isit la](#)***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Eta New York pral voye PPE ak kit tè bay Atlanta pou ede ak efò repons kontinyèl COVID-19 la pandan vil la ap lite anba reparasyon ka yo. Nan kòmansman semèn sa a, sou demann Majistra Atlanta a Keisha Lance Bottoms, Gouvènè a te anonse Eta a pral deplwaye resous bay ekip yo nan Atlanta, epitou li pral pataje ekspètiz sou trasaj kontak epi bay asistans teknik pou sipòte pwogram trasaj kontak Atlanta a.

"Pandan pi gran moman bezwen New York la, te gen lòt eta ki te voye volontè, mask ak ekipman pou ede nou aplati koub la epi sove lavi moun yo. Nou ekstrèmman rekonesan anè 30,000 volontè yo ak don ki te vin jwenn nou pandan lanfè sa a. Kounye a nou te aplati koub la epi chif nou yo fò, nou ap bay lebra ak kote tankou Atlanta, kote Majistra Bottoms te yon lidè agresif ak efikas nan batay kont viris sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou gen moun ki deja andire sa a epi ki konnen ki jan pou goumen kont COVID-19, epi nou rete pare pou ede eta yo ak lokalite yo nan nenpòt fason nou kapab. Jodi a, nan non fanmi New York, nou pral deplwaye kit tè ak PPE nan Atlanta pliske yo ap lite ak ka k'ap moute yo."

Livrezon inisyal ekipman sa a yo pral livre nan Atlanta disi vandredi:

- 7,500 Kit Tès VTM
- 7,500 wòb
- 7,500 gan
- 7 500 mask N95
- 7,500 plak pwotèj pou vizaj
- 2.5 palèt glasyè polistirèn
- 1,250 Galon Dezenfektan pou Men

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)